



KEMENTRIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PAT SEMESTER II TAHUN AJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	: Sabtu, 08 Juni 2024
Waktu	: 07.00 – 09.00	Kelas	: VI

I. Berilah tanda silang (x) pada huruf a,b. c atau d pada jawaban yang benar pada lembar jawab yang tersedia !

1. Wacan kang isine ngandharake utawa nyritakake kedadayan kanthi runtut saka wiwitan nganti pungkasan utawa *kronologis* diarani ...
A. Teks dheskripsi
B. Teks argumentasi
C. Teks Narasi
D. Teks Eksposisi
2. Dolanan kang nggunakake tata aturan manut adat-istiadat lan wis ana kanthi cara turun-temurun diarani ...
A. Tembang Dolanan
B. Dolanan Tradhisional
C. Dolanan Anyar
D. Game
3. Tuladhane dolanan tradhisional yaiku ...
A. Free Fire
B. Mobile Legends
C. Playstation
D. Dhakon

4. 
(1) 
(2) 
(3) 
(4)

Gambar ing dhuwur sing nuduhake bocah-bocah lagi dolanan gobak sodor yaiku gambar

...

- A. (1) B. (2) C. (3) D. (4)
5. Layang kabar kang metune kadhang kala utawa ora saben dina diarani....
A. Kalawarti
B. Ariwarti
C. Koran
D. Pariwara
 6. *Bapak pucung dudu watu dudu gunung*
Tan ana kang tresna
Kabeh uwong mesthi sengit
Kang kanggonan den lus-elus tinangisan
Tembang ing dhuwur awujud cangkriman, batangane yaiku ...

- A. Untu
 - B. Cantheng
 - C. Udun
 - D. Andheng-andheng
7. Teks kang ngandharake samubarang kanthi **cetha, jlentreh, njlimet**, saengga sing maca kaya-kaya ngamati, ngrasakake, ndeleng, ngrungokake, utawa ngalami dhewe diarani ...
- A. Teks Deskripsi
 - B. Teks Narasi
 - C. Teks Argumentasi
 - D. Teks Eksposisi
8. Ing ngisor iki titikane teks dheskripsi, *kajaba* ...
- A. Nggambarake samubarang kanthi cetha
 - B. Njlentrehake samubarang kang nuduhake pakaryane indriya
 - C. Njlentrehake salah sawijine obyek
 - D. Ngandharake kedadeyan kanthi runtut

9. **Kebun Teh Jamus**

Kebun Teh Jamus mapan ana ing kutha Ngawi. Papan iki kalebu papan wisata unggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan. Saben wayah preian mesthi akeh para wisatawan sing padha plesiran ing papan kene. Saliyane hawane adhem papan iki uga nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati.

Manut wacan kasebut, irah-irahan wacan ing dhuwur ...

- A. Kutha Ngawi
 - B. Kebun Teh Jamus
 - C. Jamus
 - D. Papan Plesiran
10. Saben liwat, tanduran sinawang ijo
- A. Memplak
 - B. Royo-royo
 - C. Mbranang
 - D. Gadhing
11. Kanggo nglestarekake lingkungan, bocah-bocah kudu mbuwang uwuh ing ...
- A. Panggon Uwuh
 - B. Kali
 - C. Ngarep Omah
 - D. Pasar
12. Saben preian akeh wisatawan kang padha plesiran. **Plesiran** tegese ...
- A. Sekolah
 - B. Nyambut gawe
 - C. Sinau
 - D. Rekreasi
13. **Saben esuk saka pucuke Gunung Bromo ... kumebul sundhul akasa.**
- Tembung kang trep kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku ...

- A. Tanduran
B. Beluk
C. Sesawangan
D. Geni
14. 
- Seng di tulis latin yaiku ...
- A. Ojo pada turu sore
B. Ojo padha turu sore
C. Aja pada turu sore
D. Aja padha turu sore
15. Basa kang diracik utawa dipaes supaya katon endah diarani ...
- A. Basa rinengga
B. Purwakanthi
C. Dasanama
D. Tembung Yogyaswara
16. Tetembungan kang digunakake kanggo nyemoni utawa nacad diarani ...
- A. Panyandra
B. Panyendhu
C. Pepindhan
D. Parikan
17. Tetembungan/ukara kang digunakake kanggo ngalembana diarani....
- A. panyandra
B. panyendhu
C. pepindhan
D. parikan
18. **Parikan** yen ing basa Indonesia tegese ...
- A. Puisi
B. Drama
C. Syair
D. Pantun
19. Tetembungan “**drijine mucuk eri**” kalebu tuladha ...
- A. Panyandra
B. Panyendhu
C. Pepindhan
D. Parikan
20. *Godhong waru bolong-bolong, bocah ayu ...*
Tembung kang trep kanggo njangkepi parikan ing dhuwur yaiku ...
- A. Abang-abang
B. Ana telu

- C. Moblong-moblong
D. Alise nanggal sepisan
21. *Bocah iku rambute ngembang bakung lan pipine nduren ...*
Tembung kang trep kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku ...
A. Sadhapur
B. Satangkep
C. Sairing
D. Sajuring
22. Polahe kaya gabah ... dikongkon lungguh sedhela wae ora bisa.
A. Dipepe
B. Diinteri
C. Ing pinihan
D. Dijunungi
23. Untune ... dhasar rupane putih, yen mesem katon manis.
A. Miji timun
B. Ndamar kanginan
C. Nemu giring
D. Nawon kemit
24. *Cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang.*
Tetembungan ing dhuwur kanggo mindhakake ...
A. Sesambate
B. Tingkah polahe
C. Tandang gawene
D. Anggone kekancan
25. Bocah wadon kae ayune kaya widodari, pikirane lantip, nanging embuh amarga apa gandane arum jamban.
Tembung **arum jamban** ing ukara dhuwur tegese ...
A. Wangi banget
B. Nuwuhake ganda arum kang ora ana enteke.
C. Banger banget
D. Gandane arum wangi nengsemake ati
26. Bocah kuwi ayu tenan, rambute ngandhan-andhan, tangane nggandewa pinenthang, bangkekane ...
A. Nawon kemit
B. Jambe sinigar
C. Ndamar kanginan
D. Mucuk eri
27. Dona lan Doni iku bocah kembar, mula rupane meh padha. Yen dipindhakake kaya ...
A. Bunder lir jinangka
B. Jambe sinigar
C. Mblarak sempal
D. Ngembang pudhak

28. Tembung *nyela cendhani* digunakake kanggo panyandra ...
- Rambut
 - Mripat
 - Tungkak
 - Bathuk
29. Panyandra *“irunge ngundhup mlathi”* tegese ...
- Irunge pesek
 - Irunge gedhe
 - Irunge mbangir
 - Irunge nyeprok
30. *Satya murca ing embanan* panyandra kanggo ...
- Mangsa
 - Wong mendhem/nginum
 - Awak
 - Solah bawa
31. Wayang iku asale saka tembung ...
- Sayang
 - Yang/hyang
 - Wulang
 - Wa
32. Ana ing pawayangan kang duwe mata kera yaiku ...
- Baladewa
 - Bagong
 - Nala Gareng
 - Narada
33. Kapan wayang diakoni dening UNESCO minangka kabudayan luhur warisan kanggo donya saka bangsa Indonesia?
- 1 Januari 2001
 - 7 November 2003
 - 25 April 2007
 - 18 Desember 2020
34. **Kelir** yaiku piranti kang digunakake ing pagelaran wayang kulit sing wujud ...
- Wilahan tipis saka wesi utawa kuningan
 - Kain mori utawa kain putih kanggo geber
 - Lampu kanggo pepadhang
 - Gedebog kanggo negcepke wayang

35.



Piranti pagelaran wayang ing dhuwur jenenge ...

- Kepyak
- Kelir
- Blencong
- Cempala

36. Dhek jaman biyen, nalika nonton wayang kulit manggone ana ing ...

- A. Saburine kelir
 - B. Sisih kiwane kelir
 - C. Saburine dhalang
 - D. Dadi siji karo niyaga
37. Piranti ing ngisor iki sing ora kalebu gamelan yaiku ...
- A. Gambang
 - B. Gong
 - C. Biola
 - D. Saron
38. Satriya Pandhawa iku wewatakane kaya ing ngisor iki, *kajaba* ...
- A. Seneng tetulung
 - B. Resna asih ing sapepadha
 - C. Culika, dur angkara
 - D. Sabar narima
39. Sumber crita utawa lakon wayang kang ana ing Jawa iku asale saka crita ...
- A. Ramayana lan Mahabarata
 - B. Paramasastra lan Pandhawa
 - C. Pandhawa lan Kurawa
 - D. Rama lan Sinta
40. Perang antarane Pandhawa lan Kurawa yaiku arane ...
- A. Baratayuda
 - B. Ramayana
 - C. Baratayana
 - D. Dhawakura